

Pwogram Medyasyon Travayè Domestik

Pwogram Medyasyon Travayè Domestik la se yon fason ki respektye, konfidansyèl, ak gratis pou rezoud pwoblèm nan espas travay yo san yo pa ale nan tribinal.

Pou w ka jwenn plis enfòmasyon oswa pou w pran yon randevou, voye yon imèl bay OLPS@dcwp.nyc.gov oswa rele **311**.

Kimoun ki ka patisipe ladan

- Travayè domestik
(nenpòt ki travayè k ap travay dirèkteman pou yon kay prive nan vil New York; pa egzanzp, nounou, moun k ap netwaye kay, lòt moun k ap bay swen)
- Anplwayè pou travay nan kay
- Medyatè
(ke Vil la bay)
- Avoka Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè yo (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP)

Kisa ke li Kouvri

Medyasyon se pou pwoblèm nan espas travay ki gen rapò ak:

- Salè ki pa Peye
- Salè minimòm ak lè siplemantè
- Konje Sekirite ak Maladi Peye
- Reprèzay



Kontinye >



Kijan sa Fonksyone

Yon manm estaf **DCWP a** ap fè yon entèvyou ak **travayè a** ak **anplwayè a** pou yo ka:

- idantifye pwoblèm ki genyen nan espas travay la;
- enfòmè yo sou dwa ak obligasyon yo;
- kolekte enfòmasyon ak dokiman; epi
- ede yo deside si medyasyon se pi bon chemen an.

Medyasyon an depann de volonte w. Si travayè a ak patwon an dakò ak medyasyon an, yon **Medyatè** ki nan Sant pou Rezolisyon Kreyatif Konfli (the Center for Creative Conflict Resolution) ki nan Biwo Pwosè ak Odyans Administratif Vil New York lan ap travay avèk travayè a ak anplwayè a pou konprann pwoblèm yo epi jwenn yon akò ki jis pou tout moun. Yon manm pèsònèl DCWP a ak reprezantan travayè a oswa anplwayè yo ka patisipe nan medyasyon an tou.

Kikote sa ap Fèt

An jeneral, medyasyon an ap fèt nan Sant pou Rezolisyon Kreyatif Konfli, ki nan 66 John Street, 11th Floor, New York, NY 10038.

Poukisa sa Enpòtan

- Li **gratis**.
- Li **konfidansyèl**.
- Nenpòt travayè domestik kapab patisipe **kèlkelanswa sitiyasyon imigrasyon yo**.
- Li **mwens piblik ak opozisyon** pase yon pwose nan tribinal, ak yon **rezolisyon ki pi rapid**.
- Medyatè a ap asire ke pwosesis la **jis ak objektif**.

